Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AKÒ TRAVAY SENK ANE AVÈK UNITED UNIVERSITY PROFESSIONS

Akò avèk UUP a, pi gwo sendika edikasyon siperyè nan peyi a, kouvri apeprè 42,000 pwofesè ak pwofesyonèl nan sistèm SUNY an

Akò yo gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan peman lokal ak mizajou nan benefis sante

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse administrasyon li a rive jwenn yon akò kontraktyèl avèk United University Professions (UUP), pou yon manda senk ane k ap dire jiska 1ye jiyè 2031. Akò a dwe jwenn apwobasyon manm sendika yo, sa ki gen ladan anviwon 42,000 pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl nan sistèm SUNY an.

"Akò sa a avèk United University Professions bon alafwa pou pwofesè ak pwofesyonèl SUNY yo k ap travay di, ak pou kontribyab Eta Nouyòk yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye lidèchip UUP a paske yo te travay pou rive jwenn akò jis sa a, epi mwen remèsye manm talantye yo pou devouman ak angajman yo anvè etidyan kolèj Eta Nouyòk yo, pou asire yon avni briyan pou moun k ap pousuiv yon edikasyon nan SUNY."

Prezidan Pwofesyon Inivèsitè Ini, Frederick E. Kowal, te deklare, "Sa a se yon kontra ki jis pou UUP ki rekonèt travay di manm UUP yo fè chak jou pou etidyan nou yo, pasyan nou yo ak pou SUNY. Li bay salè ak avantaj ki jis ki pral ede kenbe pwofesè, chèchè, pwofesyonèl swen sante ak pwofesyonèl kanpis nou yo ki nan nivo klas mondyal, epi atire moun ki pi kalifye ak pi talantye yo vin nan SUNY. Akò sa a adrese anpil nan priyorite manm nou yo te fè nou konnen lè nou te kòmanse prepare pou negosyasyon yo sa gen plis pase yon ane. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay travay manm UUP yo fè ak paske li se yon Gouvènè ki soutni sendika yo avèk fòs, jan Eta sa a bezwen l."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Pwofesè ak anplwaye ekstrawòdinè SUNY yo se kè kapasite nou genyen pou bay ekselans ki abòdab epi sèvi kòm motè mobilite sosyal asandan Eta Nouyòk la. Nouyòkè yo konte sou SUNY pou yon edikasyon nan nivo klas mondyal, rechèch ak travay akademik inovatè, sipò ak ekspètiz medikal, ansanm ak lòt bezwen ak sèvis esansyèl. Mwen felisite Gouvènè Hochul

dèske li rive jwenn yon kontra ki jis ki respekte epi rekonèt pwofesè ak anplwaye ki fè SUNY tounen yon kote ekstrawòdinè pou etidyan nou yo."

Akò a gen ladan ogmantasyon anyèl nan salè debaz anyèl pou anplwaye yo pandan tout dire akò a. Akò a gen ladan tou lòt ogmantasyon nan konpansasyon, tankou peman selon lokal la, epi li prevwa plis konje pou swen prenatal. Akò a fè tou chanjman ki lojik nan asirans sante pou ede kontwole prim yo, elimine ko-peman yo, epi diminye itilizasyon founisè ki pa fè pati rezo a.

Manm òdinè UUP yo dwe ratifye akò kontra sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU